



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AVI SANTE SOU KALITE LÈ REJYONAL POU  
SAMDI 1 JIYÈ, AVI TWA JOU NAN TOUT ETA A FINI**

***Avi Sante sou Kalite Lè a rete pou Adirondack, Wo ak Ba Hudson Valley, Metwo  
Vil New York ak rejyon Long Island yo pou samdi 1 jiyè***

***Plizyè santèn milye mas nan modèl N95 yo pral kontinye disponib pou piblik la  
nan tout eta a***

***Otorite transpò piblik yo nan rejyon ki afekte yo pral kontinye itilize sistèm adrès  
piblik yo, siyalizasyon otobis yo, rezo sosyal yo ak lòt siyalizasyon elektwonik  
pou bay enfòmasyon sekirite ki gen rapò ak kalite lè a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Avi Sante sou Kalite Lè a pral pibliye pou rejyon nan mwaye lès Eta New York, ki kontinye gen lafimen ensandi forè Kanada yo ansanm ak ozòn nan kèk zòn ki afekte li. Apre twa jou, Avi Sante sou Kalite Lè nan tout eta a pral fini amezi kondisyon yo ap amelyore nan rejyon Lwès New York, New York Santral ak rejyon Lès Lak Ontario yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap pibliye yon Avi Sante sou Kalite Lè pou demen, samdi 1 Jiyè, pou Adirondack, Wo ak Ba Hudson Valley, Metwo Vil New York ak rejyon Long Island pou polisyon PM2.5 lafimen lakòz, ak pou ozòn nan rejyon Ba Hudson Valley. Yo prevwa kalite lè a ap atenn Endis Kalite Lè 'Malsen pou Gwoup Sansib' yo nan samdi pou PM2.5 nan rejyon afekte yo. Yo prevwa kalite lè a ap atenn Endis Kalite Lè 'Malsen pou Gwoup Sansib' yo nan samdi pou ozòn nan rejyon Ba Hudson Valley. Nan nivo sa a, manm gwoup ki sansib yo ka santi efè sou sante. Piblik jeneral la gen mwens chans pou yo afekte. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade tablo a [isit la](#).

"Pandan n ap prepare pou selebre wikenn fèt sa a, Nouyòkè yo ta dwe kontinye tcheke dènye kalite lè a nan rejyon yo a anvan yo ale deyò", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou rete angaje pou pwoteje sante piblik la epi n ap kontinye mete Nouyòkè yo ajou pou ede tout moun rete an sekirite deyò pandan kondisyon yo kontinye ap chanje".

Gen yon Avi Sante sou Kalite Lè a pou ti patikil yo ki rete anvigè tout jounen vandredi a, kote nivo polisyon yo 'Malsen' ak 'Malsen pou Gwoup Sansib' nan rejyon yo nan tout eta a. Yo te pibliye yon avi sou ozòn tou pou rejyon Metwo Vil New York jodi a.

Ajans eta yo ap siveye ak anpil atansyon kalite lè nan tout eta a pou konsekans polisyon ti patikil (particle matter, PM2.5) akòz lafimen ki soti nan ensandi forè Kanada, ansanm ak ozòn. Ajans yo nan eta a ak otorite yo kontinye kowòdone siveyans kalite lè a, sansibilizasyon piblik ak edikasyon, distribisyon mask ak lòt efò pou anpeche oswa limite ekspozisyon a gwo nivo polisyon lè lafimen lakòz.

Panach lafimen an ta dwe gradyèlman pouse soti nan sidwès rive nan nòdès vandredi swa pou rive samdi. Previzyon aktyèl yo sijere wo nivo PM2.5 lafimen an amelyore pral limite ak peryòd tanporè kalite lè yo prevwa kòm 'Malsen pou Gwoup Sansib yo' nan tout eta a.

Pou dimanch, previzyon aktyèl yo montre kèk lafimen pral resikile atravè Eta New York akòz lafimen ki rete nan rejyon Midwès ak Mi-Atlantik. Gen anpil chans pou vye lafimen an ale nan nò-nòdès anvan yon fwon frèt k ap pwoche, ki mennen nan valè AQI PM2.5 ki yon ti jan wo.

Pandan nivo Endis sou Kalite Lè yo prevwa ap varye soti nan "Malsen pou Gwoup Sansib' rive "Malsen" pou tout moun pandan moman sa a, DEC ak DOH pibliye Avi Sante sou Kalite Lè ak direktiv ki koresponn yo ki baze sou previzyon 24 èdtan yo ak valè inèdtan yo ka depase valè previzyon nan rejyon sa yo, kote li posib pou gen lekti Malsen oswa Trè Malsen chak inèdtan.

Yo prevwa gwo fedatifis yo ta dwe baze sou wo nivo AQI PM2.5 ki tou pre ak nan direksyon van sit lansman yo epi yo ka note yo atravè aparèy siveyans lè eta a.

Ale sou [dec.ny.gov](http://dec.ny.gov) pou jwenn [previzyon ki ajou](#) ak enfòmasyon sou [nivo endis kalite lè](#), ak <http://www.health.ny.gov/> pou enfòmasyon sou [risk sante ak prekosyon](#) ki gen rapò ak kalite lè a.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "DEC pral siveye kondisyon yo ak anpil atansyon pandan wikenn fèt la epi li pral bay konsèy jan sa nesèsè nan yon konsiltasyon sere avèk meteyowològ ekspè nou yo ak patnè nan Depatman Sante Eta a. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete enfòme pou yo ka pran pi bon desizyon pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo".

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Avèk lè ki malsen nan pati lès eta a, ak yon wikenn fèt ete ki rive sou nou kote anpil moun pase tan deyò, li enpòtan pou tout moun konnen kalite lè lokal yo ak risk pèsònèl yo. Ou ka kontwòle kalite lè w avèk aplikasyon meteyo nan telefòn ou oswa sou [airnow.gov](http://airnow.gov) epi si lè w la malsen, limite tan w deyò, limite efò, epi li se yon bon lide tou pou w gen yon mask bon kalite avèk ou. Nouyòkè ki espesyalman sansib fas ak efè

wo nivo polyan yo, ki gen ladan timoun piti, moun ki gen plis pase 65 an, fanm ansent ak moun ki gen pwoblèm ki deja egziste tankou maladi kè oswa opresyon".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Kalite lè a rete yon enkyetid pou nou epi nou ap siveye previzyon an ak anpil atansyon. Nou vle Nouyòkè yo pare wikenn fèt sa a: konnen risk yo epi rete enfòmè sou previzyon AQI aktyèl la pou kominote yo a".

Anba direksyon Gouvènè a, yo te distribye plis pase yon milyon mask N95 bon kalite nan mwa sa a pou ede rezoud enpak sou kalite lè a.

Nan Vil New York semèn sa a, Otorite Transpò Metwopoliten, Otorite Pòtyè ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la ap distribye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo ak pak eta yo.

Andeyò Vil New York, Eta a ap mete plizyè santèn milye mask adisyonèl disponib nan depo rejyonal li yo pou manadjè ijans konte yo pou plis distribisyon bay piblik la.

Mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Atlantic Avenue, Brooklyn
- Grand Concourse, Bronx
- Pak Eta Shirley Chisholm
- Prezèv Pak Eta Clay Pit Ponds
- Pak Eta Riverbank Denny Farrell la
- Pak Eta Roberto Clemente

Otorite transpò piblik yo atravè eta a ap itilize sistèm adrès piblik yo, siyalizasyon otobis yo, rezo sosyal yo ak lòt siyalizasyon elektwonik pou bay kliyan yo enfòmasyon sekirite ki gen rapò ak kalite lè a dirèkteman, tankou:

- Otorite Transpò Metwopoliten
- NassauTRANSIT
- Westchester County Bee-Line
- Otorite Transpò Distri Kapital la (Capital District Transportation Authority, CDTA)

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesèsè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.
- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou <http://www.airnow.gov/>.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse mèkredi ke yo te deplwaye uit nan Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la nan Kebèk pou apeprè de semèn pou ede nan efò pou restrenn ensandi forè k ap kontinye yo. Nan kòmansman semèn sa a, [Gouvènè Hochul te resevwa](#) uit Gad Forè ki te deplwaye nan Nouvèl Ekòs ak Kebèk.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418